



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KATRIYÈM FAZ PRIM SIBVANSYON POU BIWO
DEVLOPMAN MENDÈV ESTRATEJIK LA KI BAY YON TOTAL PLIS PASE 12
MILYON DOLA**

***Kenz pwojè atravè eta a ap pwofite de apeprè 23 milyon dola finansman piblik /
prive pou sipòte plis pase 2,000 estajyè pou plis pase 100 biznis patnè***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la te bay plis pase 12 milyon dola sibvansyon pou kenz pwojè atravè eta a atravè katriyèm faz Pwogram Sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèv ak Peman pou Pèfòmans lan. Sibvansyon sa yo ap sipòte fòmasyon plis pase 2,000 travayè atravè kolaborasyon ant founisè fòmasyon ak plis pase 100 patnè anplwayè nan domèn tankou konstriksyon, mentnans imèb, fabrikasyon endistriyèl, enèji renouvlab ak enjenyeri lojisyèl. Biwo a, ki fonksyone anba Empire State Development, gen responsablite pou sipòte pwogram ak pratik devlopman mendèv pou asire Nouyòkè yo pare pou satisfè bezwen ak priyorite anplwayè yo.

“Devlopman mendèv pou lavni enpòtan anpil pou siksè ekonomik kontini nou,”
Gouvènè Hochul te deklare. "Nouvo faz sibvansyon pou devlopman mendèv estratejik sa ap kontinye misyon nou pou ede tout Nouyòkè akèri konpetans y ap chèche ke anplwayè yo egzije pandan y ap bay sèvis esansyèl global pou sila yo ki te konn rete dèyè yo ka pwospere nan mendèv lavni an."

Katriyèm faz prim sa a ki soti nan Biwo Devlopman Mendèv Estratejik la mete envèstisman total ki soti nan twa premye faz yo a plis pase 36 milyon dola k ap benefisye plis pase 38 milyon dola finansman piblik ak prive epi sipòte plis pase 11,000 estatjyè pou plis pase 400 biznis patnè.

Sibvansyon yo akòde kenz pwojè jodi a ap sipòte pwogram fòmasyon mendèv wotman kalifye ki oryante pa anplwayè yo epi ki rekonpanse apwòch inovan ak pi bon pratik ki diminye baryè pou patisipasyon kominote ki gen gwo bezwen yo. Pwogram Sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèv ki koute 35 milyon dola pral sipòte bezwen kapital founisè fòmasyon mendèv k ap chèche amelyore oswa elaji òf yo. Pwogram Sibvansyon Peman pou Pèfòmans (Pay for Performance, P4P) 115 milyon dola a gen de volè finansman: Sibvansyon Operasyon fleksib ki ede founisè yo kouvri depans pwogramasyon tankou devlopman pwogram ak sèvis konplè pou prepare Nouyòkè yo

ak konpetans ki gen demand ak kalifikasyon endistri yo rekonèt yo; ak Prim pou Devlope Kapasite, yon apwòch ki baze sou done ak metrik pou ogmante pwogram fòmasyon mendèv ki pwouve ki plase moun gradye yo nan fason aktif nan bon travay. Lè yo sèvi ak prim ki baze sou akonplisman, founisè fòmasyon mendèv yo pral resevwa finansman pou elaji kapasite pwogram yo ki fè siksè ak to plasman ki wo ak sèvis konplè ki efikas.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Nou kwè lè nou investi nan devlopman mendèv, sa se fondman bon devlopman ekonomik epi sa mande pou gen moun ki pare jodi a ak konpetans ki nesese pou demen. Sibvansyon sa yo ap kontinye fè limye briye sou siksè kontini nou k ap devlope pwogram bon kalite, ki oryante pa anplwayè a ki pwodui talan premye klas ki pote yon diplis nan anpil kalite ki atire endistri yo nan tout kwen Eta New York."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontini li nan devlopman mendèv. Sibvansyon sa yo ap ede founisè fòmasyon ak biznis patnè yo sipòte sèvis fòmasyon pou djòb k ap asire ke Nouyòkè yo resevwa konpetans yo bezwen pou yo reyisi. Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la ap konekte Nouyòkè yo ak tout opòtinite aprantisaj yo bezwen pou fè pati mendèv solid epi divèsifye nou an."

Benefisyè faz kat yo:

Depatman Travay, Lisans ak Kesyon Konsomatè (Department of Labor, Licensing & Consumer Affairs) Konte Suffolk – Long Island – 3,000,000 dola Sibvansyon pou kapital mendèv ak 1,000,000 dola Sibvansyon pou operasyon P4P: Konte Suffolk ap itilize finansman sa pou tabli Sant Brentwood la, yon sant fòmasyon pou sipòte bezwen Baz Entistriyèl Sou-maren Marin Ameriken rejyon an ak chèn apwovizyonman li a. Lè li fini, Sant Brentwood modèn lan ap bay fòmasyon sou fabrikasyon ak preparasyon travay ak sèvis global pou etidyan lekòl segondè lokal yo, k ap travay nan patenarya ak Eastern Suffolk BOCES ak Marin Ameriken / Blue Forge Alliance. Pwogram lan ap devlope rezèv talan lokal la pou plis pase 35 fabrikasyon rejyonal ki fè pati chèn apwovizyonman baz endistriyèl sou-maren an.

Pursuit Transformation Company – Vil New York – 1,500,000 dola Sibvansyon pou kapital mendèv ak 1,000,000 dola Sibvansyon pou operasyon P4P: Pursuit ap kreye yon sant teknolojik ak sant fòmasyon nan Queens k ap akeyi fòmasyon nan enjenyeri lojisyèl, pwogram staj ak devlopman karyè k ap fòme Nouyòkè ki gen revni ki fèb yo pou djòb ki gen gwo salè ak plis pase 100 anplwayè patnè. Y ap itilize fon P4P yo pou devlope fòmasyon teknik anvan staj ak lidèchip ansanm ak yon seri sèvis global ki genyen ladan yo coaching metye, mantora ak alfabetizasyon finansye ak sèvis jesyon.

Northland Workforce Training Center – Lwès NY – 1,373,000 dola Sibvansyon pou kapital mendèv ak 1,000,000 dola Sibvansyon pou operasyon P4P: Northland Workforce Training Center ap konstui epi mete anplas yon Laboratwa fòmasyon

teknoloji pwòp pou bay fòmasyon ki oryante sou endistri a nan sipò ak objektif enèji renouvlab nan tout eta a epi l ap achte nouvo ekipman fòmasyon pou sipòte pwogram ki egziste yo. Fòmasyon ki disponib la ap genyen ladan l konpetans nan fabrikasyon avanse ke fabrikasyon yo itilize, ansanm ak sistèm enèji renouvlab tankou enèji solè, ewolyen, mikwo-rezo, dispozitif batri, rechaj veyikil elektrik ak otomatizasyon batiman. Anplis fòmasyon gratis oswa nan pri redwi, Northland ofri sèvis global pou sipòte etidyan yo, ki enkli gadri, transpò, konsèy nan sante mantal ak toksikomani, ak asistans finansye.

Kolèj Teknoloji (College of Technology), nan SUNY Alfred State – Lwès New York – 1,250,000 dola Sibvansyon pou kapital mendèv ak 270,223 dola sibvansyon pou operasyon P4P: Inivèsite a ap devlope kanpis Wellsville li a antanke yon sit fòmasyon pou amelyore pwogram devlopman mendèv yo a nan konstriksyon, metye batiman, agrikilti, operasyon ekipman lou ak sektè enèji pwòp yo. Finansman an ap sipòte devlopman sèt mikwo-sètifika nan domèn sa yo, k ap ranplase pwogram diplòm asosye ki egziste yo. Ekspansyon sa ap pèmèt enskripsyon ki ogmante nan kou ki fèt pou reponn ak bezwen endistri a pou travayè debitan ak sa ki nan nivo mwayen yo.

Sant Opòtinite Edikatif (Educational Opportunity Center EOC), nan SUNY Long Island – Long Island – 504,002 dola Sibvansyon pou kapital mendèv ak 52,455 dola sibvansyon pou operasyon P4P: EOC Long Island (Long Island EOC, LIEOC) ap achte yon laboratwa soudaj mobil pou ofri yon nouvo pwogram fòmasyon nan soudaj pou divès kominote defavorize nan Long Island. Espas fòmasyon mobil, otonòm lan, se yon opsyon ki pi abòdab pase yon lokal fòmasyon an beton epi li pèmèt LIEOC pote fòmasyon bay kominote yo kote bezwen an pi plis la, diminye baryè pou gen aksè epi bay fòmasyon ak sètifikasyon gratis.

Kolèj Kominotè SUNY Rockland – Mid-Hudson – 933,412 dola Sibvansyon pou operasyon P4P: Kolèj la ap devlope epi mete anplas yon nouvo pakou mekanik mentnans k ap bay fòmasyon ki diplome pou etidyan yo pandan l ap reponn ak bezwen anboch patnè fabrikasyon lokal yo. Yon evalyasyon anvan enskripsyon ap idantifye baryè a siksè elèv yo epi fè koneksyon ak sèvis tankou mantora, konsèy, asistans transpò ak plis toujou pou diminye baryè sa yo. Kou yo ap konstui youn nan lòt pou kreye yon pakou pou mobilite karyè epi ki ka konvèdi an kredi inivèsite si moun nan dezire.

Kolèj Kominotè SUNY Konte Suffolk – Long Island – 399,435 dola Sibvansyon pou operasyon P4P: Kolèj la ap kreye yon nouvo pwogram fòmasyon machinri CNC ak pwogram machinri CNC Swiss pou reponn ak bezwen plizyè milye ti fabrikasyon Long Island, ki idantifye mank kandida ki kalifye kòm yon defi ki enpòtan. Anplis fòmasyon teknik, pwogram lan ap bay granmoun ki nan lekòl segondè ak adilt ki nan chomaj/mal anplwaye yo coaching sou karyè, bousdetid, evènman rezotaj nan sektè a, ak asistans pou plasman nan travay ak patnè nan endistri yo lè yo fini pwogram lan.

Assembly House 150 – Lwès New York – 242,893 dola Sibvansyon pou Operasyon P4P: Finansman sa ap prepare patisipan yo pou karyè nan konstriksyon avèk enstriksyon pratik pa ekspè nan endistri a, vizit sou plas, fòmasyon sou

preparasyon pou travay, ak sèvis plasman djòb atravè pwogram SACRA ki egziste a epi l ap devlope epi pilote yon pwogram fòmasyon pou moun ki gradye nan SACRA yo pou gen plis konpetans ki espesyalize. Pwogram lan ki konsantre sou rekritman imigran, moun ki enplike nan lajistis, moun ki gen enstabilite lojman oswa paran selibatè, bay patisipan yo yon pakou pou yo otonòm pandan l ap abòde bezwen lokal yo pou travayè kalifye.

Enstiti pou Devlopman Karyè dba (dba Institute for Career Development) nan Sant Entènasyonal pou Andikape (International Center for the Disabled, ICD) – Vil New York – 179,685 dola Sibvansyon pou Operasyon P4P: Pwogram Teknisyen nan reparasyon batiman ICD a bay moun ki gen enfimite nan Vil NY yo konpetans debaz nan konstriksyon ak mentnans ak sètifikasyon ansanm ak fòmasyon pou preparasyon nan travay ak opòtinite aprantisaj pa eksperyans pou ranfòse cv yo. Y ap itilize finansman an pou ogmante nivo sèvis global pou estajyè yo, ki enkli asistans transpò ak alokasyon pou patisipan yo, k ap ede estajyè yo konplete pwogram lan avèk siksè.

Erie 1 BOCES – Lwès New York – 146,695 dola sibvansyon pou Kapital mendèv: Finansman sa ap sipòte acha ak enstalasyon ekipman pou modènize epi devlope pwogram fabrikasyon ak soudi CNC Erie 1 BOCES yo, ki genyen ladan yo yon liy pwodiksyon k ap fonksyone pou estajyè yo konfigire, repare epi fè travay mentnans. Estajyè yo ap sètifye epi prepare pou konble djòb nan fabrikasyon avanse nan rejyon an.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Atravè investisman kontini Gouvènè a nan devlopman mendèv, n ap devlope fòmasyon nou bay pou djòb ki gen demann yo. Nan vizit mwen nan kanpis benefisyè yo jodi a, mwen te pwofite rankontre kèk moun ki patisipe nan pwogram fòmasyon nou yo—kèk ki retounen pou pran fòmasyon yo bezwen pou pwochen pwomosyon an—epi mwen fyè ke nou ka ede plis Nouyòkè fè menm bagay la. Mwen felisite ekip SUNY nan Sant Fòmasyon Mendèv Northland, Alfred State, Sant Opòtinite Edikatif Long Island, Kolèj Kominotè Rockland, ak Kolèj Kominotè Konte Suffolk."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul dèske ou kontinye investi nan mendèv New York. Antanke Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen kwè ke inisyativ devlopman ekonomik nou yo dwe enkli yon eleman devlopman mendèv ki koresponn. Katriyèm faz sibvansyon OSWD a ap fòme plizyè milye travayè nan tout eta a, k ap pèmèt yo devlope karyè ki estab, gratifyan nan nouvo endistri yo, k ap kreye siksè alontèm pou ekonomi New York."

Manm Asanble LaToya Joyner te deklare, "Pwogram Kapital pou Devlopman Mendèv ak Pwogram sibvansyon P4P a se zouti ki pwisan k ap ede mendèv eta nou an vin meyè nan peyi a. Finansman ki soti nan faz sibvansyon ki pi resan sa ap fè tout tou eta a pou ranfòse rezo djòb nan endistri esansyèl epi ki wotman kalifye yo. Mwen kontan patikilyèman ke apeprè 3 milyon dola nan lajan sa prale dirèkteman bay lekòl SUNY nou yo, ki konekte jèn Nouyòkè yo ak travay wotman kalifye nan fabrikasyon, konstriksyon ak agrikilti. Plis pase 2 milyon dola prale tou nan Sant Devlopman Mendèv

Northland lan, k ap ede prepare travayè yo pou tranzisyon nou nan yon avni ki fèb an kabòn. Sa bon pou wè Gouvènè a kontinye bay devlopman mendèv priyorite."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Anons Gouvènè Hochul la jodi a demontre yon apwoch byen panse epi sible pou devlopman mendèv estratejik nan New York. Kenz pwojè sa yo nan tout eta a konsantre sou pwogram mendèv ki sipòte sekirite nasyonal, k ap dirije vè objektif klima eta a epi atake bezwen klimatik la pou travayè nan konstriksyon ak fabrikasyon. Lè nou rekonèt ke li pa fasil pou patisipe nan pwogram sa yo, kèk pwogram ki finanse dirèkteman abòde baryè etidyan yo pou reyisi ki enkli fè koneksyon ak sèvis tankou asistans transpò, mantora e menm yon espas fòmasyon mobil pou bay plis aksè nan kominote ki defavorize yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)